

AVI SOU YON ODYANS PIBLIK KI KONSÈNE

MetroWest Medical Center – Framingham Union Campus
115 Lincoln Street, Framingham, MA 01701

Depatman sante piblik Massachusetts ("Depatman" an) resevwa anons ki di MetroWest Medical Center gen lentansyon sispann sèvis krèch pou swen espesyal nan Framingham Union Campus ki Framingham, MA.

Konfòmman ak atik 105 CMR 130.122(D) depatman an ap gen yon odyans sou chanjman ki pwopoze yo a 6 è p.m. le mèkredi 9 avril 2025, nan Nevins Hall, 150 Concord Street, Framingham, MA 01702. Odyans sa a p ap gen fòm jiridik men l ap pito yon fowòm piblik pou prezantasyon tout kòmantè ki gendwa enpòtan pou depatman an nan konsiderasyon chanjman ki pwopoze a.

Dat la : Mèkredi 9 avril 2025

Ki lè : 6:00 p.m.

Ki kote : Nevins Hall, 150 Concord Street, Framingham, MA 01702

Kòmantè alekri sou sijè sa a gendwa soumèt bay Department of Public Health, Division of Health Care Facility Licensure and Certification, Attn: Licensure Coordinator, 67 Forest Street, Marlborough, MA 01752 oubyen nan imèl bay HFLLicenseAction@Mass.Gov. Kòmantè ap aksepte jouk dizè diswa le 10 avril. Tout kòmantè alekri ki soumèt bay depatman an gendwa afiche sou sit entènèt depatman an e gendwa distribye kòm repons nan demann pou dokiman piblik.